

FPL bay enfòmasyon ak sèvis sou asistans finansye

Pwogram asistans espesyal FPL yo

Pwogram pran swen pou pataje FPL la (FPL Care To Share®)

- » Li ede kliyan ki nan bezwen pou yo pa pèdi kouran yo.
- » Lajan an soti nan kontribisyon volontè kliyan, aksyonè ak anplwaye FPL yo fè, ak nan kontribisyon konpayi FPL bay tou.
- » Se konpayi lokal ki pa la pou rezon komèsyal ak ajans gouvènman ki patnè nou ki jere sanpousan lajan nou ranmase a.
- » Li ede moun peye yon bòdwo FPL yon fwa nan yon peryòd 12 mwa pou yon sèl fwaye.
- » Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [FPL.com/caretoshare](https://www.fpl.com/caretoshare) oswa rele nan nimewo sèvis kliyan ki sou bòdwo kouran w la.

Pwogram èd FPL la (FPL ASSIST)

- » Li ede kliyan rezidansyèl ki kalifye yo pou yo peye bòdwo yo grasa gwo rezo nou an ki gen òganizasyon sèvis sosyal ki toupatou nan zòn n ap sèvi yo.
- » Nou ka voye w kote yon ajans k ap kapab fè w konnen si w kalifye pou w benefisyè asistans finansye federal e k ap bay lajan ou kalifye pou li a tou.
- » Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [FPL.com/help](https://www.fpl.com/help) oswa rele nan nimewo sèvis kliyan ki sou bòdwo kouran w lan.

Pwogram okouran FPL la (AWARE) (Toujou ap tcheke pou granmoun ki ka bezwen èd)

- » Se yon sèvis espesyal ki bay moun ki granmoun yo ak moun ki poukont yo yon pwoteksyon anplis.
- » Anplwaye FPL yo ki resevwa yon fòmasyon espesyal pou sa se bonjan “je ak zòrèy” pou nou paske yo pèmèt nou idantifye granmoun ki ka bezwen èd.
- » Anplwaye FPL yo ede nou idantifye granmoun (ak lòt moun) ki gen yon bezwen espesyal epi yo ede nou voye moun sa yo kote yon seri òganizasyon sèvis sosyal k ap kapab ba yo sa yo bezwen.
- » Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [FPL.com/aware](https://www.fpl.com/aware).

Pwogram federal pou asistans nan domèn kouran

Pwogram asistans ki ede fwaye ki pa gen anpil revni ki gen ijans nan domèn kouran [Low Income Home Energy Assistance Program (LIHEAP)]

- » Pwogram LIHEAP konfyè lajan federal bay òganizasyon ki pa la pou rezon komèsyal ak ajans gouvènman lokal pou yo ka ede fanmi ki pa gen anpil revni pou yo peye bòdwo kouran yo.
- » Se ajans kominote lokal ki kapab peye FPL dirèkteman pou kliyan an k ap distribye lajan sa a.
- » Gen yon seri limit ki aplike ak revni fwaye a ak lòt kondisyon yon moun dwe ranpli pou l kalifye pou resevwa asistans sa a.
- » Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte ajans ki nan zòn kote w rete a pou l fè w konnen si w kalifye.

Pwogram manje akabri pou moun ki gen ijans [Emergency Food & Shelter Program (EFSP)]

- » Se Ajans Federal pou Jesyon Ijans la [Federal Emergency Management Agency (FEMA)] ki mete sou pye EFSP a pou l bay moun asistans pou yo viv lè sa pa gen rapò ak yon katastwòf.
- » Lè gen ase lajan pou sa, ajans lan ka sèvi avè l pou peye bòdwo kouran kliyan FPL yo pou yon mwa.
- » Kondisyon moun dwe ranpli pou yo kalifye gendwa diferan selon konte a. Pou jwenn lis ki gen non tout ajans ak nimewo telefòn yo nan kominote w la, ale sou sit entènèt FEMA EFSP la.

Pwogram asistans pou granmoun ak ijans nan domèn kouran [Emergency Home Energy Assistance for the Elderly (EHEAP)]

- » Pwogram EHEAP nan leta Florida a ede fwaye ki pa gen anpil revni yo, ki gen omwen yon moun ki gen 60 an oswa plis, lè fwaye sa yo rankontre yon ijans nan domèn kouran, lèfini yo pa kapab peye bòdwo FPL yo.
- » Fwaye yo kapab resevwa kalite asistans finansye sa a yon maksimòm de fwa chak ane.
- » Pou jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon moun dwe ranpli pou kalifye e pou mande asistans sa a, kontakte Sant Resous pou Enfimite ak Granmoun Aje (Aging and Disability Resource Center) ki nan zòn kote w rete a, rele liy dirèk pou granmoun aje ki bezwen èd (Elder Helpline) nan **800-963-5337**, oswa kontakte yon ajans kominote EHEAP nan zòn kote w rete a.

Konsèy rapid

Resevwa konsèy ak sipò 24 sou 24, 7 sou 7, grasa liy asistans 211, ki se yon resous konfidansyèl nan kominote a ak yon liy moun ka itilize lè yo nan kriz. Si w gen 60 an oswa plis, ou gendwa rele liy dirèk pou granmoun aje ki bezwen èd nan **800-963-5337**.

